# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНЛЫ ЖАЎЫНГЕРЛЕРДИҢ ЕКИНШИ ЖӘҲӘН УРЫСЫНДАҒЫ ЕРЛИКЛЕРИ

**Айзада Қурбаниязова**
НМПИ академиялық лицей
тарийх пәни оқытыўшысы

***АННОТАЦИЯ***

*Екинши жаҳән урысында Қарақалпақстанлы жаўынгерлериниң фашистрлерге қарсы қаҳарманларша гүреси, Қарақалпақстанлылардың жаўынгерлик тарийхый саўашлары ҳаққында баян етиледи.*

***Гилт сөзлер:*** *Батыс фронт, 97-Қарақалпақ миллий бригадасы, Сталинград (Волгоград) саўашы, Курск жанындағы (1943-жыл, июл) тарийхый саўаш, Ленинградты азат етиў ушын болған саўашлар, Кызыл Жулдыз ордени, «Даңқ» ордени.*

Екинши жаҳән урысында Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстанлы жаўынгерлер де фашистрлерге қарсы қаҳарманларша урысты. Москваны душпаннан қорғаўға Қарақалпақстаннан Ж.Жумағулов, Н.Досымбетов, К.Бекбаулиев, А.Алланиязов, Х.Бекмуратов, А.Жиемуратов, Қ. Әбдиреймов ҳәм басқа да жаўынгерлер қатнасты. Москва түбиндеги урыста Қарақалпақстанлы жаўынгер Жеңисбай Жумағулов фашистрлердиң бир топары 25 метрдей жақынласып келген ўақытта душпанға пулемёттан оқ жаўдырды, себеби оның жаўынгер дослары В.Фёдоров ҳәм Иванов пулемёт қасында аўыр жарадар болып жатыр еди. Пулемётши Ж.Жумағулов қызыл әскерлер келгенше өз орнын қаҳарманлық пенен қорғады. Бул саўашта душпанның 150 ден аслам әскер ҳәм офицерлер тутқынға алынды.

Қарақалпақлы жигит Ражаб Бегшанов Батыс фронттың сиясий басқармасының баслығы генерал-Полковник Кузнецов Қарақалпақстан ўәлаятлық партия комитетиниң секретарына былай деп жазды: «Төрткүл районының Киров атындағы колхозының бурынғы ағзасы сержант Ражаб Бегшановтың даңқы пүткил Батыс фронтқа жайылды. Р.Бегшанов дивизиядағы ең жақсы снайперши болып, ол 132 фашистти жоқ етти». Ражаб Бегшанов Қызыл Жулдыз ордени менен сыйлықланды.

1941-жылы сентябрьдеги мәмлекетлик қорғаныў комитетиниң фронт ушын миллий бригадалар дүзиў ҳаққындағы қарарына муўапық Қарақалпақ миллий бригадасы дүзилди ҳәм оның қурамына 4300 ге жақын Қарақалпақстанлы жаслар болды. Ол 97-Қарақалпақ атқышлар бригадасы деп аталды. Бригаданың фронтқа әскерий таярлығы Бухара ўәлаятындағы Каттақорғанда болды. Таярлық тамам болғаннан кейин бригада барлығы бирге емес, ал бирнеше фронтларға таратылып жиберилди. 97-Қарақалпақ миллий бригадасының сиясий бөлиминде лейтинант Т.Бекимбетов (соң désinститут директоры) , капитан К.Айымбетов (соң илим докторы ҳәм профессор) ҳәм басқа да халқымызға белгили адамлар бар еди. Бул бригаданың барлық солдат ҳәм офицерлери фашистлерге қарсы қаҳарманларша урысты ҳәм орден ҳәне медаллар менен сыйлықланды.

Сталинград (Волгоград) саўашы 1941-жыл 17-июлден 1943-жыл 2-февраль аралығында болды. Бул дәўирдеги саўашларға Қарақалпақстаннан М.Матназаров, А.Карибаев, Х.Мамутов, А.Султанов, М.Махмудов, Б.Бабаев, О.Көптилеўов ҳәм басқалар қатнасты.

Курск жанындағы (1943-жыл, июл) тарийхый саўашта Қарақалпақстанлылар жаўынгерлик даңққа бөленди. Хожелиден урысқа кеткен аға лейтинант М.Махмудов өзиниң кишкене отряды менен бирге Курс ўәлаятының Дековский районындағы Сапилова аўылын фашистлерден азат етти. Саўашта көрсеткен батырлығы ушын М.Махмудов 1-дәрежели ўатандарлық урыс ордени менен сыйлықланды. Фашистлерге қарсы саўашта «N» ҳаўа полкиниң радисти Худайберген Мамутовтың ерлиги айрықша болды. Ол өз

самалётының экипажы менен 1941-жылы 1-25-июл аралығында душпанға 23 рет табыслы ҳүжим жасады. 1943-жылы 7-сентябрьде Х.Мамутов Гастеллоның қаҳарманлық ерлигин тәкирарлап, өз командири менен бирге набыт болды.

Солай етип, жаўынгерлер фашистлерге қарсы урыс барысындағы түпкиликли бурылысқа өз үлеслерин қосты.

Ленинградты азат етиў ушын болған қатаң саўашларға Қарақалпақстаннан Ж.Искендеров, Ж.Жуманиязов, А.Оразымбетов, К.Дәўлетов, А.Жәлменов, У.Юсупов ҳәм басқалар қатнасып душпанға қарсы қаҳарманлық урыс жүргизди.

Қарақалпақстанлы капитан А.Оразымбетовтың ленинград ҳәм Псковтағы урысларды қаҳарманлық аты шықты. Ол 1944-жылы март айында өз командириниң тапсырмасы бойынша жаўынгер Л.Фомишев пенен екеўи барлаўға шығады. Ол жаўынгерлик тапсырманы орынлап, басынан жараланған жолдасы Ленинградлы сержант Л.Фомишевти қәўипли зонадан алып шығып қайтады. Саўашта көрсеткен ерлиги ушын А.Оразымбетов-Кызыл Жулдыз орденин алыўга мияссар болды.

1941-1945-жыллары Қарақалпақстаннан фронтқа кеткен ҳәм фашистлерге қарсы урыста айрықша мәртлик көрсеткен 20 дан аслам жаўынгер Советлер аўқамының қаҳарманы атағын алыўға мияссар болды. Олар О.Абдуллаев, Б.Бабаев, М.Балмағамбетов, И.С. Банифатов, Д.В.Бернатский, М.А.Булатов, О.Жуманиязов, Ж. Қалдықараев, Ж. Қарақулов, И.Д.Лебедев, И.Ф. Махорин, И.Наўрызбаев, П.К.Нурпейсов, А.А.Пишулин, Н.А.Сараев, А.М.Симанов, Б.Е. Тихомолов, А.Д.Трашков, А.С.Умеркин, Ф.Ф.Шепуринлар еди. Ал, 6 жаўынгер I,II,III дәрежели «Даңқ» орденлерин алыўға мияссар болды, олар-А.Аманбаев, Е.П.Беспалов, А.М Зайка, Ж.Калимбетов, Т.Отемуратов, Р.К.Сайыпназаровлар еди.

Урыста жаўды жеңип, елге кайтып келген урыс ветеранлары елимиздин парахат раўажланыўы ушын мийнет етти. Олар: Р.Сапаров, М. Қәлимбетов, академик С.Камалов, К.Абдиров, Ж.Жиемуратов, Д.Жумабаев,Ж.Мамбетзадиев, Н.Матмуратов, С.Жумамуратов, Д.Ожраев, Т.Шербеков, Ж. Қойлыбаев, Ж.

Қутлымуратов, А.Панабергенов, У.Рахметуллаев, А.Нурушов, М.Абдиреймов, Ю.Даўлетов, Т.Даўлетмуратов, Д.Даўлетмуратов жазыўшылардан Ж.Аймурзаев, Б.Кайыпназаров, Т.Сейтжанов, Т.Абдимуратов ҳәм тағы басқалар.

Олар бизиң мақтанышымыз ҳәм қәдирдан устазларымыз болып есапланады. Қарақалпақстанлы жаўынгерлердиң фронттағы қаҳарманлықлары ҳақында тарийхый ўакыялар жүдә көп. Олар арнаўлы изертлеўлер, саҳналық көринислер ҳәм кинолар түсириўге ылайық.